

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Cai mangrupa bagian penting dina kahirupan masarakat Sunda pikeun pakasaban masarakat anu lolobana tatanén. Kagiatan tatanén gumantung pisan kana ayana cai. Prosés gumulungna antara taneuh jeung cai bakal ngalahirkeun kasuburan pikeun kahirupan manusa. Di Désa Babakan Mulya pakasaban masarakatna lolobana tatanén. Masarakatna ngajénan pisan ka alam sabudeureunana, kitu ogé kana cai anu jadi sumber kahirupanana, matak teu anéh lamun masarakat Désa Babakan Mulya ngayakeun upacara pikeun ngahormat cai jeung taneuh, utamana kana cai. Éta upacara disebutna Upacara Adat Kawin Cai (anu satuluyna disingget UAKC).

UAKC di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan mangrupa kagiatan ngawinkeun cai ti dua cinyusu, nya éta cinyusu Sumur Tujuh Cibulan (Cikembulan) jeung cinyusu anu aya di Balong Dalem Tirta Yatra. Pakasaban masarakat sabudeureun Balong Dalem anu lolobana tatanén ngalantarankeun ieu upacara adat masih kénéh dilaksanakeun jeung jadi tradisi nu hirup di masarakatna nepi ka kiwari. Dilaksanakeunna UAKC dirojong ogé ku kaayaan alam sabudeureunana anu masih mangrupa leuweung di sababaraha tempat, kebon, jeung sawah-sawah. Cai nu ngamalir ti Balong Dalem téh tétéla nyebar ogé ka lima désa tatanggana, jadi ieu cinyusu téh kacida pentingna pikeun kahirupan masarakat réa.

Upacara adat diwangun ku dua kecap nya éta upacara jeung adat. Upacara nurutkeun Danadibrata (2006, kc. 729) nya éta ngalaksanakeun kabiasaan, palaturan; kadieunakeun sok dihartikeun prak-prakan dina riungan atawa gempungan maké aturan tanda panghormat, anapon kecap adat nurutkeun Danadibrata (2006, kc. 4) nya éta kabiasaan atawa tali paranti. Kecap adat dina budaya Sunda dipikawanoh dina sababaraha harti, nya éta: (1) adat harti dina basa Arab anu disebut *urf*, nya éta hal anu dikenal, dipikawanoh jeung dipilampah sarta jadi kabiasaan di masarakat, mangrupa kekecapan atawa rupa-rupa paripolah; (2)

**Fatimah Nur Fauziyyah, 2015**

**ULIKAN STRUKTUR JEUNG SÉMIOTIK DINA UPACARA ADAT KAWIN CAI DI BALONG DALEM  
DÉSABABAKAN MULYA KACAMATAN JALAKSANA KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN  
PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

adat dina harti kabiasaan anu sipatna sérémonial, nya éta upacara-upacara anu aya pakaitna jeung kapercayaan anu masih kénéh dilaksanakeun kalawan geus aya parobahan nyaluyukeun jeung jamanna; jeung (3) adat dina harti tabi'at atawa tabé'at nya éta sipat anu dibawa ti lahir atawa kodrati (Rosidi, 2000, kc. 14).

Cindekna, anu disebut upacara adat téh nya éta hiji kagiatan sakral anu mangrupa paripolah masakat anu tangtu, diwariskeun sacara turun-tinurun, dipercaya ku nu ngalaksanakeunana, sarta miboga tujuan anu tangtu. Pikeun masarakat Babakan Mulya, ieu upacara jadi hiji-hijina cara pikeun ngaéksprésikeun akal jeung budi minangka *pemersatu* masarakat, lingkungan jeung alam sabudeureun, lantaran teu aya deui upacara adat anu dilaksanakeun ku masarakatna salian ti UAKC. Ieu upacara ogé salaku média komunikasi antara masarakat jeung Allah Swt. UAKC dilaksanakeun unggal taun di bulan September atawa Oktober waktu usum katiga.

Dina ieu panalungtikan, ulikan anu ditalungtik nya éta ngeunaan struktural jeung sémiotik. Kecap struktural asalna tina strukturalisme anu sacara étimologis asalna tina kecap “struktural”, hartina nya éta ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur (*elements*); éta hubungan téh digelar ku panalungtik hasil tina panitén. Éta kaitan atawa hubungan saéstuna anu nangtukeun sarta ngécéskeun saban-saban objek anu ditalungtik. Objek panalungtikanna bisa mangrupa awak manusa, masarakat, matématika, budaya, basa, sastra, alam, jrrd. Kaitan jeung gejala, dua hal penting éta mangrupa wujud anu sipatna abstrak. (Koswara, 2010, kc. 13).

Strukturalisme mangrupa hiji pergerakan inteléktual nu gelar di Perancis. Dina praktékna mah, strukturalisme leuwih umum dianggap hiji kaédah atawa métode anu tujuan utamana pikeun ngalelempeng atawa méré pangajén ka para panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikanana anu leuwih nyosok jero ngeunaan hiji objék kajian. Dina éta hubungan téh tumuwuh sawatara tanda atawa “bahasa” anu ngécéskeun wangun jeung fungsina (kaitanana). Ku sabab kitu, strukturalisme ogé disebut hiji kaidah pengkajian modern anu intina élmu sains tanda (*semiotics*).

Kecap sémiotika asalna tina basa Yunani, *semeion* anu hartina “tanda” atawa *seme* anu hartina “penafsiran tanda”. Nurutkeun Lechte dina Sobur (2009, kc. 16) sémiotika nya éta teori ngeunaan tanda jeung penandaan. Leuwih écés deui, sémiotika nya éta hiji disiplin élmu anu maluruh wangun komunikasi sagemblengna ku sarana *signs* “tanda” sarta dumasar kana *sign system (code)* “sistem tanda” (Segers dina Sobur, 2009, kc. 16). Dina sawangan Pierce, dumasar objekna tanda (*sign*) téh ngawengku ikon (*icon*), indéks (*index*), jeung simbol (*symbol*) (Sobur, 2009, kc. 41). Ku ayana tanda-tanda dina UAKC, harti atawa maksud éta tanda téh sipatna konvensional, hasil kasapukan masarakat sangkan teu salah nafsirkeun.

Ieu panalungtikan UAKC mangrupa bagian tina usaha ngamumulé kabeungharan budaya Sunda. Lian ti éta, ieu panalungtikan téh dipiharep boga mangpaat pikeun pangdeudeul dina ngamekarkeun kabudayaan jeung tradisi pikeun entragan anyar dina wangun bahan pangajaran anu ditepikeun di lembaga atikan formal kayaning sakola. Harepan panalungtik ieu panalungtikan téh bisa jadi bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XI anu luyu jeung Kurikulum 2013 anu geus dicatetkeun katangtuanana dina Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD) sarta silabus pangajaran Muatan Lokal (Mulok) Basa Sunda SMA Kelas XI.

Aya sawatara panalungtikan anu nalungtik perkara struktural jeung sémiotik. “Tradisi Ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sinaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA (Tilikan Struktural)”, ku Erin Pebrianti taun 2014. “Upacara Adat Panjang Jimat di Karaton Kasepuhan Cirebon: Tilikan Sémiotik”, ku Thohir taun 2006; “Ulukan Sémiotik dina Upacara Adat Ngeuyeuk Seureuh di Désa Legok Kaler Kacamatan Paseh Kabupatén Sumedang”, ku Cece Suherlan taun 2014, jeung “Unsur Sémiotik dina Tradisi Nyepuh di Désa Ciomas Kecamatan Panjalu Kabupatén Ciamis pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA”, ku Krisna Amelia taun 2014.

Salian ti panalungtikan anu ngahususkeun unggal widang tilikan anu séwang-séwangan siga anu geus ditaan di luhur, tétéla aya ogé panalungtikan anu

**Fatimah Nur Fauziyyah, 2015**

**ULIKAN STRUKTUR JEUNG SÉMIOTIK DINA UPACARA ADAT KAWIN CAI DI BALONG DALEM DÉSABABAKAN MULYA KACAMATAN JALAKSANA KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tilikanana struktural jeung sémiotik tapi béda-béda objek anu ditalungtikna. Panalungtikan dina widang kasenian nya éta: “Tilikan Struktural jeung Sémiotik kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggiang Ubun Kubarsah pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMA”, ku Dimas Patria taun 2012; jeung “Kasenian Bebegig Sukamantri di Kecamatan Sukamantri Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Tilikan Struktural jeung Sémiotik)”, ku Ade Sundara taun 2013. Ari panalungtikan dina upacara adatna aya “Ajén Simbolis dina Upacara Nadran di Désa Blanakan Kecamatan Blanakan Kabupatén Subang pikeun Salasahiji Alternatif Bahan Ajar di SMP Kelas VII (Ulikan Struktural-Sémiotika)”, ku Ayu Wahyuni taun 2012.

Aya ogé skripsi ngeunaan UAKC di paguron luhur salian ti Universitas Pendidikan Indonesia (UPI) nya éta di Universitas Islam Negeri (UIN) Sunan Gunung Jati anu judul skripsina “*Upacara Kawin Cai Sebagai Ekspresi Keagamaan Masyarakat Désa Babakanmulya Kec. Jalaksana-Kuningan*” medal taun 2007 ku Dédéh NIM 203507302. Ieu panalungtikan ngaguar patali ayana UAKC jeung sikep beragama masarakat Babakan Mulya. Sanajan sarua objek panalungtikanna nya éta UAKC tapi kajianna béda. Panalungtik ngahususkeun ieu panalungtikan kana struktural jeung sémiotik dina UAKC.

Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Ulikan Struktur jeung Sémiotik dina Upacara Adat Kawin Cai di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA kelas XI” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan diidéntifikasi saperti ieu di handap.

- 1) Loba kénéh masarakat Sunda anu teu wanoh ayana UAKC.
- 2) Informasi ngeunaan runtuyan prak-prakan UAKC.
- 3) Fungsi dilaksanakeunna UAKC.
- 4) Unsur-unsur sémiotik jeung maksudna anu nyampak dina UAKC.

**Fatimah Nur Fauziyyah, 2015**

**ULIKAN STRUKTUR JEUNG SÉMIOTIK DINA UPACARA ADAT KAWIN CAI DI BALONG DALEM DÉSABABAKAN MULYA KACAMATAN JALAKSANA KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 5) Hasil ahir panalungtikan anu bisa dijadikeun bahan pangajaran muatan lokal basa Sunda di SMA kelas XI.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha asal-muasal UAKC di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan?
- 2) Kumaha prak-prakan UAKC di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan?
- 3) Naon fungsi dilaksanakeunana UAKC di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan?
- 4) Unsur sémiotik naon waé anu nyangkaruk dina UAKC di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan?
- 5) Kumaha implikasi hasil panalungtikan UAKC di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA Kelas XI?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu tangtu, anu dibagi jadi dua tujuan nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan tina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis kumaha prak-prakan jeung unsur-unsur sémiotik anu aya dina UAKC sarta mangrupa tarékah pikeun ngariksa salasahiji budaya anu sumebar di tatar Sunda anu saterusna diwariskeun ka entragan anyar dina wangun bahan pangajaran anu ditepikeun di lembaga atikan formal kayaning sakola.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun jeung nganalisis:

- 1) asal-muasal UAKC di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan;
- 2) prak-prakan UAKC di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan;
- 3) fungsi dilaksanakeunana UAKC di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan;
- 4) unsur sémiotik nu nyangkaruk dina UAKC di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan;
- 5) implikasi hasil panalungtikan UAKC di Balong Dalem Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XI.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nya éta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban informasi kabudayaan ngeunaan upacara adat anu aya di tanah Sunda, utamana UAKC.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun panalungtik, sangkan bisa ngamangpaatkeun jeung nambahan pangaweruh dina widang kabudayaan Sunda.
- 2) Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan bacaan jeung référénsi.
- 3) Pikeun masarakat, sangkan bisa ngambahan pangaweruh ngeunaan UAKC anu aya di Kabupatén Kuningan, sarta méré pangrojong dina ngamumulé tradisi anu aya di masarakat Sunda.

Fatimah Nur Fauziyyah, 2015

*ULIKAN STRUKTUR JEUNG SÉMIOTIK DINA UPACARA ADAT KAWIN CAI DI BALONG DALEM DÉSABABAKAN MULYA KACAMATAN JALAKSANA KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XI*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) Pikeun nambahan bahan pangajaran basa Sunda anu patali jeung kabudayaan, hususna dina “bahasan budaya Sunda” di SMA kelas XI.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan diwangun ku lima bab anu eusina aya bubuka, ulikan pustaka, métodologi panalungtikan, analisis struktural-sémiotikan sarta panutup.

BAB I mangrupa bubuka, nya éta nu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II mangrupa bagian skripsi anu medar ulikan tiori, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir. Dina ulikan tiori medar ngeunaan upacara adat, struktural, sémiotik jeung bahan ajar maca bahasan. Panalungtikan saméméhna medar panalungtikan saméméhna anu deukeut ulikanna jeung panalungtikan anu baris dilaksanakeun. Ari dina raraga mikir medar kalungguhan tiori dina ieu panalungtikan.

BAB III mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun métode panalungtikan anu digunakeun dina panalungtikan kaasup sababaraha komponén, nya éta: métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, desain panalungtikan, lokas jeung sumber data, analisis data, jeung wangenan operasional.

BAB IV mangrupa bagian skripsi anu ngadéskripsikeun data jeung nganalisis hasil panalungtikan anu di jerona ngawengku: asal-muasal UAKC, déskripsi prak-prakan UAKC, fungsi dilaksanakeunana UAKC, unsur-unsur sémiotika nu nyangkaruk dina UAKC sarta larapna hasil panalungtikan UAKC pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XI.

BAB V mangrupa panutup anu diwangun ku kacindekan jeung saran, eusina ngeunaan sawangan sarta pamadegan nu nulis kana hasil panalungtikan.